



ENSTRIKSYON PWOVIZWA POU AKTIVITE KONSTRIKSYON YO PANDAN IJANS SANTE PIBLIK COVID-19 LA

Lè ou fini li dokiman sa a, ou ka afime nan pati ki anba a.

Apati 15 jen 2020

Objektif

Yo te kreye Enstriksyon Pwovizwa pou Aktivite Konstriksyon yo pandan Ijans Sante Piblik pou COVID-19 yo ("Enstriksyon Pwovizwa pou Konstriksyon pou COVID-19") pou ka bay pwopriyetè/operatè pwojè konstriksyon yo ak anplwaye ak antrepriz yo prekosyon ke yo ka pran pou ede pwoteje tèt yo kont pwopagasyon COVID-19 pandan espas konstriksyon entèn ak ekstèn yo ap retounen ouvri.

Direktiv sa yo se jis egzijans minimòm e nenpòt anplwayè lib pou bay prekosyon anplis oswa ajoute restriksyon. Direktiv sa yo baze sou pratik sante piblik ki plis popilè yo nan moman faz I re-ouvèti Eta a, epi dokiman direktiv sa yo baze sou li a ka chanje epi chanje souvan. Sit konstriksyon yo dwe respekte tout egzijans lokal, eta ak federal ki gen rapò ak aktivite konstriksyon. Tout antite ki enplike nan konstriksyon responsab pou rete okouran de tout mizajou ki fèt nan egzijans sa yo, epi mete yo nan tout aktivite konstriksyon ak/oswa Plan Sekirite Sit la.

Enfòmasyon Jeneral

Nan dat 7 mas 2020, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202](#), ki deklare yon eta ijans an repons a COVID-19. Transmisyon kominotè COVID-19 deja rive toupatou nan New York. Pou kapab minimize plis pwopagasyon, nou dwe kenbe yon distans sosyal pou pi piti sis pye ant moun yo, kote sa posib.

Nan dat 20 mas 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.6](#), ki òdone pou tout biznis ki pa esansyèl yo fèmen fonksyon pèsònèl yo nan biwo a. Biznis ki esansyèl yo, jan yo [enstriksyon](#) Kòporasyon Devlopman Empire Stare (Empire State Development Corporation, ESD) defini yo, pa te sijè a limitasyon an pèsòn, men yo te, sepandan, jwenn lòd pou yo konfòme yo anba enstriksyon ak direktiv ki soti nan Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la ki mande pou yo kenbe yon anviwònman travay ki pwòp epi sekirize, epi yo te mande yo kenbe mezi distans sosyal yo nan mezi ki posib.

Nan dat 12 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.16](#), ki òdone biznis esansyèl yo bay anplwaye, ki prezan nan espas travay yo, yon kouvèti vizaj, san peye, ki dwe itilize lè yo an kontak dirèk ak kliyan oswa manm ki nan piblik la pandan y ap travay. Nan dat 15 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.17](#), ki òdone ke nenpòt moun ki gen pase dezan e ki kapab tolere yon kouvèti vizaj dwe kouvri nen ak bouch yo ak yon mask oswa yon twal lè yo nan yon espas piblik epi yo pa ka kenbe, oswa lè yo p ap kenbe, distans sosyal yo. Nan dat ki 16 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.18](#), ki òdone ke tout moun k ap itilize transpò piblik oswa prive oswa lòt veyikil transpò pataje, ki gen plis pase dezan e ki ka tolere yon kouvèti vizaj, dwe mete mask oswa kouvèti vizaj ki kouvri depase nen an ak bouch la pandan vwayaj sa a. Li òdone tou nenpòt operatè oswa chofè transpò piblik oswa prive pou mete yon kouvèti vizaj oubyen mask ki kouvri nen an ak bouch la pandan gen anpil pasajè nan veyikil sa a. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.34](#), ki otorize operatè/pwopriyetè biznis yo, nan jan yo deside, pou refize admisyon moun ki pa respekte egzijans kouvèti vizaj oswa mask.

Nan dat 26 avril 2020, Gouvènè Cuomo te anonse yon apwòch an plizyè faz pou ka retounen ouvri endistri ak biznis yo nan New York an faz ki baze sou yon analiz rejyonal ki baze sou done yo. Nan dat 4 me 2020, Gouvènè a te pèmèt pou analiz rejyonal la konsidere plizyè faktè sante piblik, ki enkli nouvo ka enfeksyon COVID-19 yo, ansanm ak sistèm swen sante a, tèst dyagnostik yo, ak kapasite pou retrase kontak yo. Nan dat 11 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke premye faz nan re-ouvèti a ta pral kòmanse nan dat 15 me 2020 nan divès rejyon New York, ki baze sou mezi ak endikatè rejyonal ki disponib yo.

Mete sou nòm sa yo, ni biznis esansyèl ak biznis ki pa esansyèl dwe kontinye konfòme ak konsèy epi direktiv sa yo pou kenbe anviwònman travay yo pwòp e sekirize ke DOH te pibliye.

Tanpri note sa byen, kote konsèy ki nan dokiman sa a diferan de lòt konsèy dokiman Eta New York te pibliye yo, sa ki plis resan an dwe aplike.

Nòm pou Responsab Aktivite Konstriksyon nan Eta New York

Pa gen okenn aktivite konstriksyon ki ka fèt san yo pa ranpli nòm minimòm Eta yo, ansanm ak kondisyon federal ki aplikab yo, ki enkli men ki pa sèlman nòm minimòm ki nan Lwa sou Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act, ADA), Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC), Ajans Pwoteksyon Anviwònmantal la (Environmental Protection Agency, EPA), ak Administrasyon Sekirite ak Sante Pwofesyonèl (Occupational Safety and Health Administration, OSHA) nan Deptaman Travay Ameriken an (United States Department of Labor, DOL).

Nòm Eta a ki gen nan konsèy sa a aplike pou tout aktivite konstriksyon – esansyèl ak pa esansyèl – ki an mach pandan ijans sante piblik COVID-19 la jiskaske Eta a anile oswa modifiye yo.

Konsèy sa a òganize sou twa kategori diferan: moun, espas, ak pwosesis.

I. Moun

A. Distans Fizik

- Pou nenpòt travay nan espas fèmèn (tankou konstriksyon nan yon bilding ki egziste), pa plis pase 1 travayè pou 250 pye kare otorize sou sit la, sof sipèvizè yo, amwenske gen mezi pwoteksyon pèsònèl anplis ki aplike; oswa
- Dwe kenbe yon distans pou pi piti sis pye pami anplwaye yo tout tan, sof si sekirite aktivite prensipal la egzije yon distans ki pi kout (egz: klwazon sèch, vitraj ak soulèvman). Nenpòt lè anplwaye yo dwe vini a sis pye de yon lòt moun, yo dwe mete kouvèti vizaj ki akseptab. Anplwaye yo dwe prepare pou rale yon kouvèti vizaj si yon lòt moun vin prezante a mwens pase sis pye sanzatann.
 - Kouvèti vizaj akseptab pou COVID-19 la yo se, men yo pa limite a sa sèlman, kouvèti vizaj ki fèt ak twal ak mask ki kouvri ni bouch ak nen an.
 - Men, kouvèti ki fèt an twal, ki ka jete, oswa lòt kouvèti vizaj ki fèt lakay yo pa kouvèti vizaj ki akseptab pou aktivite nan espas travay ki egzije yon nivo pwoteksyon ki pi wo pou ekipman pwoteksyon pèsònèl (PPE) akòz nati travay la. Pou aktivite sa yo, yo ta dwe kontinye itilize respiratè N95 oswa lòt ekipman pou Pwoteksyon Pèsònèl ke yo konn itilize nan kad nòm endistri aktyèl yo, jan sa defini konfòmman a lis enstwiksyon OSHA yo.

- Kantite espas travay yo ak syèj anplwaye yo, ak itilizasyon yo, ka modifiye oswa limite, pou anplwaye yo ka gen sis pye pou pi piti nan tout direksyon (egz: kòt a kòt ak lè youn anfas lòt) epi pou yo pa pataje pòs oswa espas travay san yo pa netwaye oubyen dezenfekte sa ki fin itilize. Lè distans lan pa posib ant pòs oswa espas travay yo, yo dwe bay epi egzijè itilizasyon kouvèti vizaj oswa kreye baryè fizik (tankou mi pwoteksyon an plastik, nan plas kouvèti vizaj nan espas kote sa p ap anpeche lè sikile, chalè, frechè, oswa van).
 - Si yo itilize yo, yo ta dwe mete sou pye baryè fizik yo konfòmman a [lis enstwisyon OSHA yo](#).
 - Chwa pou baryè fizik yo ka gen ladan: rido an bann, pleksiglas oswa materyèl ki menm jan, oubyen lòt separatè oswa klwazon enpèmeyab.
- Itilizasyon ti espas (egz. asansè, palan, veyikil) ke plis ke yon moun fè alafwa, amwenske tout anplwaye yo nan espas sa mete kouvèti vizaj akseptab an menm tan, dwe entèdi. Men, menm si moun yo itilize kouvèti vizaj okipasyon an pa dwe depase 50% kapasite maksimòm espas la oswa veyikil, sof si li fèt pou yon sèl moun itilize. Ventilasyon avèk lè anplennè dwe ogmante nan tout mezi posib, pandan n ap kenbe pwotokòl sekirite ak mezi anplis pou anpeche rasanbleman nan zòn datant asansè ak limite dansite nan asansè yo, tankou pèmèt itilizasyon eskalye, dwe respekte.
- Mezi dwe pran pou diminye sikilasyon a pye nan tou de direksyon pandan y ap itilize riban oswa pano ak flèch nan lale ki jis, koulwa oswa espas, epi afiche pano ak makè distans ki endike espas sis pye nan tout espas ki itilize souvan ak nenpòt espas ki gen liy ki fèt souvan oswa kote moun ka rasanble (egz. pòs pou antre/sòti, pòs depistaj, elatriye).
- Pano dwe afiche toupatou atravè sit la, ki an akò ak siyalizasyon DOH pou COVID-19 la. Siyalizasyon ki pèsonealize espesyalman pou espas travay oswa anviwònman ka prepare ak itilize, depi siyalizasyon sa a an akò ak siyalizasyon Depatman an. Siyalizasyon dwe itilize pou raple anplwaye yo pou:
 - Kouvri nen ak bouch li ak yon kouvèti vizaj lè distans sosyal sis pye a pa ka kenbe.
 - Byen sere e, lè sa nesèsè, jete PPE.
 - Respekte prensip distans sosyal fizik la.
 - Rapòte sentom oswa ekspozisyon COVID-19 la, epi kòman yo ka fè sa.
 - Swiv direktiv sou ijyèn men ak netwayaj ak dezenfeksyon.
 - Swiv ijyèn respiratwa ki apwopriye ak pwotokòl pou touse.

B. Rasanbleman nan espas fèmen

- Rasanbleman an pèsòn yo (pa egzanp, reyinyon remaniman, diskisyon, reyinyon sekirite yo) dwe limite nan pi gwo mezi posib, epi yo dwe itilize lòt metòd tankou konferans nan videyo oswa telefòn lè sa posib, konfòmman a enstwisyon CDC pase nan "[Enstriksyon Pwovizwa pou Biznis ak Patwon Travay yo pou Planifye epi Fè Entèvansyon pou Maladi Kowonaviris \(COVID-19\)](#)" (Interim Guidance for Businesses and Employers to Plan and Respond to Coronavirus Disease 2019 (COVID-19)). Lè videyokonferans oswa telekonferans pa posib, reyinyon yo dwe fèt ouvè, nan espas ki gen bon lè epi asire ke moun yo kenbe sis pye distans sosyal ant youn ak lòt (eg: si gen chèz, kite espas nan mitan chèz yo, fè anplwaye yo chita nan chèz altène).
- Dwe prepare pou mete an plas ase pratik distans sosyal nan ti espas, tankou twalèt ak sal repo, e ta dwe kreye siyalizasyon ak sistèm (egz: siyale lè li okipe) pou limite okipasyon an lè distans sosyal la pa ka kenbe nan espas sa yo; epi

- Orè yo ta dwe repati pou anplwaye yo obsève distans sosyal la (sa vle di, sis pye espas) pou nenpòt rasanbleman (egz: poz kafe, repa ak kòmansman/fen gwoup travay).

C. Aktivite nan Espas Travay

- Yo dwe pran mezi pou redwi kontak entèpèsònèl ak rasanbleman, atravè metòd tankou:
 - limite prezans moun nan a sèlman sila ki nan ekip la ki nesèsè pou sou sit la;
 - ajiste lè espas travay yo;
 - redwi mendèv ki sou plas yo pou respekte direktiv sou distans sosyal yo;
 - konsepsyon gwoup travay (egz: ekip A/B, repati lè arive/depa);
 - priorize aktivite ki pèmèt distans sosyal (tankou konstriksyon an metal) sou sila yo ki pa pèmèt sa (tankou klwazon sèch, vitraj); ak/oswa
 - evite plizyè ekip ak/oswa ekip k ap travay nan yon zòn nan repati aktivite ki pwograme ak itilize pano pou endike zòn ki okipe yo.

D. Mouvman ak Kòmès

- Vizitè ki pa esansyèl sou sit la entèdi.
- Espas ki deziyen pou ramasaj ak livrezon, pandan n ap limite kontak yo tout tan sa posib.
- Entèraksyon sou sit (egz: deziyen yon sòti pou travayè yo kite gwoup travay yo ak yon antre apa pou travayè yo k ap kòmans gwoup travay yo) epi mouvman yo (egz: anplwaye yo dwe rete toupre pòs travay yo osi souvan posib) dwe limite.

II. ESPAS

A. Ekipman Pwoteksyon

- Anplis de PPE nesèsè jan yo egzije pou kèk aktivite nan espas travay, kouvèti vizaj akseptab yo dwe akeri, fabrike oswa jwenn yon lòt fason epi bay anplwaye yo kouvèti sa yo san peye pandan yo nan travay. Yon apwovizyonman kouvèti vizaj, mask oswa lòt PPE nesèsè dwe toupre nan ka yon anplwaye bezwen yon ranplasman oswa yon vizitè bezwen. Kouvèti vizaj akseptab yo gen ladan, men pa limite ak, mask an twal (egz. ki fèt lakay, ak rad, foula) pou operasyon, respiratè N95 ak ekran figi.
- Kouvèti vizaj dwe pwòp oswa ranplase apre li fin itilize e li pa ka pataje. Tanpri konsilte enstriksyon CDC a pou plis enfòmasyon sou kouvèti vizaj an twal ak lòt tip PPE, ansanm ak enstriksyon sou itilizasyon ak pwòpte.
 - Note byen kouvèti vizaj ki fèt an twal oswa mask ki ka jete yo pa dwe konsidere kòm kouvèti vizaj akseptab pou aktivite espas travay ki egzije yon pi wo degre pwoteksyon pou egzijans kouvèti vizaj. Pa egzanp, si respiratè N95 yo egzije tradisyonèlman pou aktivite konstriksyon, yon twal oswa yon mask ki fèt lakay pa ka sifi. Nòm OSHA yo pou ekipman sekirite yo dwe respekte.
- Anplwaye yo dwe otorize pou itilize kouvèti vizaj akseptab pa yo men yo pa ka egzije yo bay pwòp kouvèti vizaj yo a. Anplis, direktiv sa p ap anpeche anplwaye yo mete kouvèti pwoteksyon anplis gen

yo genyen pèsònèlman (egz. mask operasyon, respiratè N95 oswa ekran figi). Konfòmite ak tout nòm OSHA aplikab yo obligatwa.

- Dwe gen mezi ki pran pou limite pataj objè, tankou zouti, machin, materyèl ak veyikil, ansanm ak touche sifas moun pataje tankou ranp ak kloti; oswa, egzijje travayè yo mete gan (ki apwopriye pou komès oswa medikal) lè yo an kontak ak objè pataje oswa sifas moun touche souvan; oswa, egzijje travayè yo dezenfekte oswa lave men yo anvan ak apre kontak.
- Yo dwe fòme anplwaye yo sou kijan pou byen mete, retire, netwaye (si sa nesèsè), ak jete PPE, ki gen ladan men sa pa limite ak, kouvèti vizaj apworiye.

B. Ijyèn, Netwayaj ak Dezenfeksyon

- Respekte egzijans ijyèn ak asenisman yo jan ke CDC ak DOH te mande sa, ki enkli "[Enstriksyon pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19](#)" (Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19), ak afichaj "[SISPANN PWOPAGASYON AN](#)" (STOP THE SPREAD), jan sa aplikab, li nesèsè. Rejis yo ki gen ladan dat, lè ak anvègi netwayaj ak dezenfeksyon an dwe konsève.
- Estasyon ijyèn men yo dwe bay ak konsève sou sit la, konsa:
 - Pou lave men: savon, dlo cho k ap koule, ak papyè twalèt ki ka jete.
 - Pou dezenfekte: yon dezenfektan men a baz alkòl ki gen pou pi piti 60% alkòl pou espas kote lave men p'ap ka disponib oswa pratike.
- Siyalizasyon an dwe mete toupre estasyon dezenfektan pou men an ki endike byen klè men sal dwe lave avèk savon ak dlo; dezenfektan pou men pa efikas pou men ki byen parèt sal.
- Gen resipyan ki dwe mete ozalantou sit la pou jete atik ki sal yo, sa gen ladan PPE yo.
- Founiti netwayaj ak dezenfeksyon apwopriye pou sifas pataje ak ki touche souvan dwe bay, epi anplwaye yo dwe ankouraje itilize founiti sa yo, selon enstriksyon fabrikan yo, anvan ak apre itilizasyon sifas sa yo, apre ijyèn men.
- Netwayaj ak dezenfeksyon regilye sit travay la dwe fèt, ansanm ak plis netwayaj ak dezenfeksyon souvan pou zòn ki gen gwo risk yo ke anpil moun itilize epi pou sifas yo touche souvan yo. Netwayaj ak dezenfeksyon dwe byen fèt epi kontinye e sa ta dwe fèt pou pi piti apre chak group travay, chak jou, oswa pi souvan dapre bezwen. Tanpri ale nan "[Direktiv Pwovizwa pou Netwayaj ak Dezenfeksyon Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19](#)" (Interim Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19) pou jwenn enstriksyon detaye sou fason pou netwaye etablisman yo.
 - Asire netwayaj ak dezenfeksyon twalèt yo fèt regilyèman. Twalèt ta dwe netwaye pi souvan tou depann de nivo yo frekante li.
 - Règ sou distans yo dwe respekte nan redui kapasite twalèt yo lè sa posib.
 - Ekipman ak zouti yo dwe dezenfekte regilyèman nan itilize dezenfektan anrejistre, ki gen ladan omwen osi souvan ke travayè yo chanje pòs travay oswa pase nan yon nouvo gwoup zouti. Sèvi avèk [lis pwodui](#) Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) yo ki anrejistre nan Eta New York epi idantifye kòm efikas kont COVID-19 la.

- Si pwodui netwayaj oswa dezenfektan yo oswa aksyon netwaye ak dezenfekte a lakòz danje oswa degrade materyo yo oswa aparèy yo, dwe gen estasyon ijyèn men ki disponib apre chak itilizasyon ak/oswa dwe founi gan ki jetab.
- Netwayaj ak dezenfeksyon zòn ki ekspoze yo dwe fèt nan ka yon travayè pozitif pou COVID-19, nan netwayaj ak dezenfeksyon sa dwe genyen, omwen, tout zòn ki gen gwo sikilasyon yo ak sifas moun touche anpil yo (egz. zouti pataje, ekipman, veyikil, ranp oswa twalèt pòtab).
- Direktiv CDC sou "Netwaye ak Dezenfekte Espas ou" (Cleaning and Disinfecting Your Facility) si yo sispèk oswa konfime yon moun gen COVID-19 la pati konsa:
 - Fèmen espas moun malad la te konn itilize a.
 - Operasyon yo pa dwe nesèsman bezwen fèmen, si zòn afekte yo ka fèmen.
 - Ouvri pòt ki bay sou deyò ak fenèt pou ogmante sikilasyon lè nan espas la.
 - Tann 24 èdtan anvan ou netwaye oswa dezenfekte. Si 24 èdtan pa posib, tann tout tan ou kapab.
 - Netwaye ak dezenfekte tout espas moun malad la te itilize, tankou biwo, twalèt, espas komen, ak ekipman li te pataje.
 - Depi espas la fin byen dezenfekte kòm sa dwa, li ka reouvè pou itilize.
 - Travayè ki pa gen kontak sere ak moun malad la ka retounen nan espas travay touswit apre dezenfeksyon.
 - Gade "Rekòmandasyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive k ap Retounen nan Travay Apre Enfeksyon oswa Kontak ak COVID-19" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH yo pou enfòmasyon sou kontak "sere oswa rapwoche."
 - Si plis pase sèt jou pase depi moun ki malad la te vizite oswa itilize etablisman an, pa bezwen gen netwayaj ak dezenfeksyon anplis, men netwayaj ak dezenfeksyon ki te konn fèt yo dwe kontinye.
- Manje ak bwason pataje (tankou repa nan estil bifè) dwe entèdi, pote manje depi lakay dwe ankouraje epi espas apwopriye pou anplwaye yo pou ka obsève distans sosyal pandan y ap manje repa yo dwe idantifye ak rezève.

C. Faz Re-ouvèti

- Re-ouvèti aktivite pa faz yo ankouraje pou ka pèmèt pwoblèm operasyonèl yo rezoud anvan pwodiksyon oswa aktivite travay yo retounen nan nivo nòmal yo. Yon kantite limite anplwaye ak lè, pandan premye re-ouvèti a dwe konsidere, pou pèmèt operasyon yo gen kapasite pou adapte ak chanjman.

D. Plan Kominikasyon

- Afimasyon ke direktiv eta a pibliye sou endistri te revize, konprann, epi ap aplike, dwe founi.
- Dwe prepare yon plan kominikasyon pou anplwaye, vizitè, ak kliyan ki gen ladan enstriksyon aplikab, fòmasyon, siyalizasyon, ak mwayen konsistan pou bay anplwaye yo enfòmasyon. Devlopman pajwèb, tèks ak gwoup imèl ak rezo sosyal dwe konsidere.

III. PWOSESIS

A. Depistaj ak Tès

- Pratik depistaj sante chak jou obligatwa dwe etabli.
 - Pratik depistaj yo ka fèt a distans (egz: pa telefòn oswa ankèt elektwonik), anvan anplwaye a prezante nan espas travay la, nan mezi sa posib; oswa sa ka fèt nan espas la.
 - Depistaj ta dwe kowòdone pou anpeche travayè yo antre nan kontak sere ak youn lòt anvan fen depistaj la.
 - Omwen, depistaj tout travayè ak vizitè dwe egzije e sa ta dwe konplete ak yon kesyonè ki detèmine si travayè oswa vizitè a te:
 - (a) gen konesans li antre an kontak sere oswa pwòch nan 14 jou pase yo ak nenpòt moun ki te teste pozitif pou COVID-19 la oswa ki genyen oswa te genyen sentom COVID-19 la;
 - (b) teste pozitif pou COVID-19 la nan 14 jou pase yo; ak/oswa
 - (c) eksperimante sentom COVID-19 la nan 14 jou pase yo.
- Ale li konsèy CDC a sou "[Sentom Kowonaviris](#)" pou enfòmasyon ki pi resan sou sentom ki asosye ak COVID-19 la.
- Anplwaye yo ta dwe gen egzijans pou devwale touswit si epi lè repons yo te bay pou nenpòt nan kesyon ki mansyone anlè a ta chanje, tankou si yo kòmanse santi sentom, pandan oswa andeyò lè travay yo.
- Tcheke tanperati chak jou ka fèt tou selon Komisyon pou Chans Egal nan Travay ak konsiy DOH yo. Kenbe anrejistreman done sante anplwaye a (egz: done tanperati) entèdi.
- Nenpòt responsab k ap fè aktivite depistaj, ansanm ak verifiye tanperati, yo pwoteje nòmalman kont ekspozisyon a yon anplwaye ki ka enfekte oswa vizitè k ap antre sou sit la. Responsab k ap fè aktivite depistaj yo ta dwe fòme pa moun anplwayè a idantifye ki fanmi ak pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA.
- Moun k ap fè depistaj yo ta dwe gen e itilize PPE, ansanm ak omwen, yon mask vizaj, epi ak gan, yon blouz, ak/oswa yon pwoteksyon vizaj.
- Yon travayè ki depiste pozitif pou sentom COVID-19 yo ta dwe pa gen aksè pou antre nan espas travay la e yo ta dwe voye l lakay li ak enstriksyon pou kontakte founisè swen sante l pou evalyasyon ak tès. Depatman sante eta a ak lokal la dwe enfòme touswit ka a si rezilta tès yo pozitif pou COVID-19. Enfòmasyon sou swen sante ak resous tès yo dwe bay ak travayè a.
- Gade "[Rekòmandasyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive k ap Retounen nan Travay Apre Enfeksyon oswa Kontak ak COVID-19](#)" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH yo sou pwotokòl ak règleman yo pou travayè k ap chèche retounen nan travay apre yon ka COVID-19 yo sispèk oswa konfime oswa apre travayè a te gen kontak sere oswa rapwoche avèk yon moun ki gen COVID-19.
- Yon pwen kontak santral, ki ka varye selon aktivite a, lokal, gwoup travay oswa jou a, dwe deziyen kòm responsab pou resevwa ak ateste li te revize tout kesyonè travayè yo, epi kote kontak sa te idantifye tou kòm pati pou travayè yo enfòme si yo santi sentom ki gen rapò ak COVID-19 annapre, jan sa note nan kesyonè a.

- Deziyen yon monitè sekirite sit la kote responsablite yo gen ladan konfòmite kontinyèl ak tout aspè plan sekirite espas la.
- Tout tan sa posib, kenbe yon rejis chak moun, ansanm ak travayè ak vizitè, ki ka gen kontak sere oswa dirèk ak lòt moun nan espas oswa zòn travay la; san nou pa konsidere livrezon ki fèt nòmalman ak PPE oswa pa mwayen san kontak. Rejis la dwe gen ladan enfòmasyon kontak, pou tout kontak yo ka idantifye, retrase ak enfòm nan ka yon anplwaye dyagnostike ak COVID-19. Koperasyon avèk efò retrasaj depatman sante eta a ak lokal la obligatwa.

B. Trasaj ak Swivi

- Depatman sante eta ak lokal la dwe avize touswit apre yo fin enfòm yo sou nenpòt rezilta tèz pozitif COVID-19 yon travayè sou sit la.
- Nan ka yon travayè oswa vizitè ki teste pozitif, koperasyon ak depatman sante eta ak lokal la obligatwa pou retrase kontak yo nan espas travay la, epi depatman sante eta ak lokal la dwe enfòm tout travayè yo ak vizitè yo ki te antre sou sit la nan 48 èdtan pase yo anvan travayè a te afiche sentom COVID-19 oswa te teste pozitif, nenpòt sa ki vin anvan an, men dwe kenbe konfidansyèl jan lalwa ak règleman federal ak eta a egzije.
- Depatman sante eta ak lokal yo ap, anba otorite legal yo, aplike restriksyon siveyans ak mouvman sou moun ki enfekte oswa ekspoze yo ansanm ak izòlman lakay oswa karantèn.
- Anplwaye ke yo alète ki te an kontak sere oswa dirèk ak yon moun ki gen COVID-19 e ke yo te alète pa mwayen trasaj, swivi oswa lòt mekanis, yo egzije pou deklare tèt yo bay anplwayè yo a nan lè alèt la e yo pral swiv tout pwotokòl ki mansyone anwo a.

IV. PLAN ANPLWAYE

Plan sekirite konplè dwe byen afiche sou sit la. Eta mete disponib yon modèl plan sekirite pou re-ouvèti biznis pou gide pwopriyetè biznis ak operatè yo nan kreye plan pou pwoteje kont pwopagasyon COVID-19 la.

Enfòmasyon sekirite anplis, direktiv ak resous disponib sou:

Sit Entènèt Epidemi Kowonaviris (COVID-19) Depatman Sante Eta New York la
<https://coronavirus.health.ny.gov/>

Sit Entènèt Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi Kowonaviris (COVID-19)
<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>

Sit Entènèt COVID-19 Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay
<https://www.osha.gov/SLTC/covid-19/>

[Sou lyen ki pi ba a, afime ou te li e konprann obligasyon ou genyen pou w travay dapre entriksyon sa a:](#)

<https://forms.ny.gov/s3/ny-forward-affirmation>